



Commonwealth of Massachusetts  
Biwo egzekitif Sante ak Resous imèn  
Depatman Sante piblik  
250 Washington Street, Boston, MA 02108-4619

MAURA T. HEALEY  
Gouvènè

KIMBERLEY DRISCOLL  
Lyetnan Gouvènè

KATHLEEN E. WALSH

Sekretè

ROBERT GOLDSTEIN, MD, PhD  
Komisyone

Telefòn: 617-624-6000  
[www.mass.gov/dph](http://www.mass.gov/dph)

**Konnen ki dwa ou genyen**  
Biwo Sèvis Adiksyon nan Alkòl ak Dwòg  
(Bureau of Substance Addiction Services, BSAS)

Ou gen anpil dwa ki gen pou wè ak tretman ak swen w ap resevwa yo ki dwe pwoteje nan kad Pwogram ki Akredite epi Apwouve dapre **105 CMR 164.079**.

Evalyasyon ak Refrerans yo:

- Apre yon evalyasyon, yon founisè gendwa detèmine ke kote ou ye a se pa yon bon anivwònman sèvis pou ou, epi founisè a **dwe** fè yon referans lè sa a pou w ale nan anivwònman sèvis ki bon pou ou an epi li dwe sipòte w pandan pwosesis referans la.

Admisyon:

- Yo **pa gen dwa** refize aksepte w **sèlman** akòz de
  - rezilta yon tès depistaj pou dwòg oswa pou yon sibstans prensipal ou te itilize;
  - yon medikaman yo te preksri ba w; oswa
  - si ou pa gen yon renouvèlman preskripsyon ki valab kounye a pou youn nan medikaman w ap pran yo

Re-admisyon:

- Yo **pa gen dwa** refize remèt ou (re-admisyon) nan yon pwogram **sèlman** akòz youn nan evènman ki annapre yo:
  - ou kite tretman malgre sa medsen an te konesye w;
  - ou rechite pandan ou nan tretman an; oswa
  - ou depoze yon plent swa pou pwogram la oswa pou BSAS konsènan nenpòt aspè nan tretman ou.

Sèvis kiltirèl:

- Ou gen dwa pou gen yon entèprèt (yon moun ki pou tradwi pou ou) epi pou w resevwa swen ki apwopriye kiltirèlman.

Si ou panse ke dwa ou genyen pa t respekte konsènan tretman ou resevwa a, tanpri rele **nimewo pou plent konfidansyèl BSAS nan (617) 624-5171**

Règlemantasyon BSAS Anliy  
(sou Entènèt):

